# MÁMLEKETLIK EMES MEKTEPKE SHEKEMGI BILIMLENDIRIW SISTEMASÍNÍŃ ÓZINE TÁN ÓZGESHELIKLERI HÁM RAWAJLANÍW TENDENSIYALARÍ

**Isnaddinova Ayzada Murat qızi**

**Tashkent wálayatı Pedagogikalıq sheberlik orayı Mektepke shekemgi, baslawısh hám arnawlı tálim metodikası kafedrası oqıtıwshısı MShBShDQQTMA 1-basqısh tayanısh doktorantı**

**13.00.08-Mektepke shekemgi tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası**

***Annotatsiya:*** Bul maqalada mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń tálim sistemasındağı ornı, artıqmashılıqları hám rawajlanıw tendensiyaları haqqında aytılǵan.

***Tayanısh sózler:*** mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi, rawajlanıw tendensiyası, mámleketlik-jeke sheriklik, innovatsion jantasıw

***Annotatsiya:*** Ushbu maqolada nodavlat maktabgacha ta'lim tashkilotlarining ta'lim tizimidagi o'rni, afzalliklari va rivojlanish tendensiyalari haqida so'z yuritilgan.

***Kalit so'zlar:*** nodavlat maktabgacha ta'lim tashkiloti, rivojlanish tendensiyasi, davlat-xususiy sheriklik, innovatsion yondashuv

***Annotation:*** This article discusses the role, advantages, and development trends of non-state preschool educational institutions in the education system.

***Keywords:*** non-state preschool educational organization, development trends, public-private partnership, innovative approach

Mektepke shekemgi bilimlendiriw balalardıń rawajlanıwında tiykarǵı basqısh esaplanıp, olardıń fizikalıq, aqılıy, sociallıq hám ruwhıy tárepten qáliplesiwinde áhmiyetli rol oynaydı Mektepke shekemgi bilimlendiriw sisteması hár bir mámlekettiń tálim tarawı rawajlanıwında áhmiyetli orın iyeleydi. Mámleketimizde de mektepke shekemgi tálimdi rawajlandırıw mámleket siyasatınıń ústem baǵdarlarınan biri bolıp, bul proceste mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri áhmiyetli orın iyelemekte.

Ózbekstan Respublikasınıń "Bilimlendiriw haqqında" hám "Mektepke shekemgi bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızamı mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerin dúziw, olarda basqarıw sistemasın alıp barıw hám sol jeke sektordaǵı basqa xızmetlerdi alıp barıw ushın tiykar bolıp xızmet etedi. Bul Nızamlar tiykarında mámleketlik emes shólkemler mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawında iskerlik alıp barıw imkániyatına iye boladı. Sonıń menen birgelikte mámleket tárepinen mámleketlik emes shólkemlerge salıq jeńilliklериniń beriliwi, subsidiyalar hám basqa járdemlerdiń kórsetiliwi mámleketmizde jeke sektordıń rawajlanǵanlıǵınıń bir mısalı bolıp tabıladı.

"Bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızamnıń 31,57,57[1] –statyaları tálim tarawında xızmet alıp barıwshı mámleketlik emes bilimlendiriw shólkemleri hám olardıń iskerligin licenziyalaw haqqında bolıp, 57-statyada tálimniń dáslepki buwını bolǵan mektepke shekemgi tálim hám

tárbiya ushın hám licenziyalar beriliwi keltirip ótilgen.Mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi – mámleketlik emes tálim xızmetlerin kórsetiw tarawındağı iskerlikti ámelge asırıwğa tiyisli licenziya tiykarında mektepke shekemgi tálim hám tárbiya tarawında tálim hám tárbiya xızmetlerin kórsetiwshi yuridik shaxs [1]

Nızamda mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerin shólkemlestiriw, olardıń iskerligin licenziyalaw hám qarjılandırıw, shólkemge balalardı qabıllaw hám shólkemnen shığarıw, toparlardı toltırıw tártibi, shólkemdi basqarıw hám onıń iskerligin shólkemlestiriw tártibi hám basqalar keltirip ótilgen. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 8- may kúngi PQ-4312-sanlı "Ózbekstan Respublikası mektepke shekemgi tálim sistemasın 2030-jılğa shekem rawajlandırıw konsepsiyasın tastıyıqlaw tuwrısında"ğı qararı qabıllandı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawında mámleket-jeke sheriklikti rawajlandırıw ushın jaratılğan qolay shárt-sharayatlar mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sanın jánede asırıw hám olar kórsetetuğın xızmetler túrlerin keńeytiw ushın bekkem tayanısh boldı[2 konsepsiya] Qararda tarawdı rawajlandırıwda mámleket siyasatın nátiyjeli júritiwge tosqınlıq qılıp atırğan sistemalı mashqalalar hám kemshilikler bar ekenligi keltirip ótilgen. Bunda mektepke shekemgi jastağı balalardıń tolıq qamrap alınıwın támiyinlew ushın mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sanınıń jeterli emesligi baslı mashqalalardıń biri retinde keltirilgen. Bul hám basqada mashqala hám kemshiliklerdi sheshiw maqsetinde bul sistemanı rawajlandırıwdıń maqsetleri hám baslı bağdarları belgilep alındı. Balalardı sıpatlı mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamrap alıw kólemin asırıw, onnan teń paydalanıw imkániyatların támiyinlew, bul tarawda mámleket-jeke sheriklikti rawajlandırıw joqarıda atap ótilgen baslı bağdarlardan biri bolıp tabıladı.

Haqıyqatında da, keleshegimiz iyeleri bolğan jas áwladtıń múnásip tálim hám tárbiya alıwı ushın, mektepke shekemgi bilimlendiriwge itibardı qaratıw búgingi kúnniń zárúr talabı bolıp qalmaqta. Konsepsiyada tarawdıń 2030-jılğa shekem rawajlanıw kórsetkishleri keltirilgen bolıp, bul dáwir ishinde 3-7 jaslı balalardıń 80,8 payızı mektepke shekemgi tálim menen qamrap alınıwı belgilengen. Bunda mámleketlik MSHBSH lar menen birgelikte, mámleketlik emes MSHBSH lar tarmaqların keńeytiw, sanın kóbeytiw, nátiyjede mektepke shekemgi jastağı balalardı sıpatlı tálimge qamtıp alıwda mámleketlik emes shólkemlerdiń ornı ayrıqsha. Mámleketlik emes MSHBSH ler mámleket tárepinen qadağalanıwı menen birge, olar ğárezsiz iskerlik júritiw imkániyatına iye. Qarjılıq erkinlik, innovatsion jantasıw, maslasıwshańlıq, jeke múlk forması mámleketlik emes MSHBSH nıń ózine tán ózgesheliklerinen bolıp tabıladı. Sır emes, mámleketlik emes tálim shólkemleri tálim sıpatı hám hám ózindegi jaratılğan hám usınılıp atırğan qolaylı shárayatları menen ajıralıp turadı. Búgingi mámleketlik emes bilimlendiriw shólkemlerinde tómendegi rawajlanıw tendensiyaları gúzetilip atır.

- "Mámleketlik-jeke sherikshilik"tiń kúsheyiwi, subsidiyalar arqalı qollap-quwatlanıwı;

- Ǵalabalasıw – sońğı jılda xalıqtıń mámleketlik emes MSHBSH ğa bolğan iseniminiń artıwı, talaptıń kúsheyiwi, olardıń sanınıń kóbeyiwi;

- Kadrlar qánigeligin asırıw – mámleketlik emes MSHBSH pedagog qánigeleri ushın úzliksiz kásiplik rawajlanıw dástúrleriniń islep shığılıwı;

- Xabar texnologiyaları integraciyası – sanlı tálim platformaları, aralıqtan tálim hám innovacion usıllardıń keń járiyalanıwı hám.b

Sońğı jıllarda mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sanınıń keskin artıwı bilimlendiriw sistemasınıń modernizaciyalanıwı, básekini kúsheytiw,

bilimlendiriw ortalıǵın jaqsılaw, pedagoglardıń professional rawajlanıwı, innovaciyalıq texnologiyalardı engiziw hám bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw sıyaqlı kóplegen unamlı nátiyjelerge sebep bolmaqta.

Bul process tek ǵana bilimlendiriwdiń sapasın jaqsılawǵa emes, al mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń hár tárepleme rawajlanıwına, olardıń psixologiyalıq, sociallıq hám kognitiv kompetenciyalarınıń qáliplesiwine nátiyjeli tásirin kórsetip atır. Solay etip, mámleketlik emes sektordıń rawajlanıwı mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasınıń turaqlı rawajlanıwında, basqarıwdıń innovaciyalıq modelleri qáliplesiwinde hám sociallıq birge islesiw mexanizmleriniń bekkemleniwinde áhmiyetli strategiyalıq faktor sıpatında kórinip atır.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. “Maktabgacha ta’lim va tarbiya to‘g‘risida” O‘RQ-595 16.12.2019
2. “O‘zbekiston Respublikasi Maktabgacha ta’lim tizimini 2030-yilgacha rivojlantirish konsepsiyasini tasdiqlash to‘g‘risida” PQ-4312 08.05.2019
3. “Ta’lim to‘g‘risida”gi O‘RQ-637-son 23.09.2020